

kenbe timoun ou yo

an sekirite

kont

anpwazonnman

pa plon

yon manyèl pou paran yo



# men reyalyte a de fason senp.

## **Kisa anpwazonnman pa plon ye?**

Plon se yon metal ke w jwenn nan plizyè diferan bagay ki antoure nou, ikonpri penti, pousyè, tè ak seramik. Yon moun anpwazone pa plon lè twòp plon rantre nan kò li. Anpwazonnman pa plon se yon maladi ki serye men ke w ka evite. Timoun genyen piplis risk pou anpwazonnman pa plon ke granmoun.

## **Kouman timoun ka fè kite plon rantre nan kò yo?**

Pousyè òdinè ak tè ka genyen plon ladan yo. Danje nan penti ki genyen plon nan kay ki bati anvan lane 1978 se pi gwo kòz anpwazonnman pa plon nan timoun. Timoun ka gen plon nan kò yo si yo vale oswa respire pousyè ki kontamine ak plon, espesyalman si yo jwe nan pousyè oswa tè ki kontamine, epi yo mete men yo oswa jwèt yo nan bouch yo.

## **Kisa anpwazonnman pa plon ka fè pitit mwen?**

Anpwazonnman pa plon ka koze pwoblèm pèmanan tankou pwoblèm pou aprann ansanm ak yon entelijans ki diminye nan pitit ou.

## **Kouman m ka fè konnen si pitit mwen anpwazone pa plon?**

Yon tès san rapid e senp se sèl fason pou konnen toutbonvre si pitit ou a genyen plon nan san li. Doktè w oswa depatman lasante a ka fè tès pou pitit ou pou detekte plon.

## **Kouman pou m fè konnen si pitit mwen bezwen yon tès pou detekte plon?**

Si pitit ou vinn an kontak ak penti ki la lontan, ou dwe fè l fè tès la. Timoun ki nan laj ant 9 mwa ak 2 zan  $1/2$  genyen pi gwo risk pou anpwazonnman pa plon paske plon an ka domaje de fason pèmanan sèvo yo ki an devlopman. Timoun a pati de  $2^{1/2}$  – 6 lane genyen gwo risk pou anpwazonnman pa plon tou e yo ta dwe fè tès la.



# Kisa mwen ka fè pou mwen evite pitit mwen

## Anpwazone pa plon?

### Swiv etap senp sa yo pou pwoteje pitit ou yo:

- Si w abite nan yon kay ki bati anvan lane 1978, petèt ke li te pentire ak penti ki genyen plon ladan l. Kenbe kote timoun ou yo jwe pwòp epi san pousyè. Pase mòp atè a. Siye ak twal mouye jwèt ak anba kad fenèt yo. Tcheke fenèt, pòt ak mi yo pou penti ki ap dekale oswa efrite.
- Lave sisèt yo lè yo tonbe atè a.
- Lave men timoun yo souvan—anvan yo manje, lè yo pral dòmi lajounen, epi lè yo pral dòmi lannwit. Aprann yo pou yo lave men yo poukont yo lè yo gran ase pou fè sa, epi asire w ke yo fè l.
- Kouvri lakou ki gen tè ak gazon oswa ak yon kouch pay. Plante gazon oswa ti pye bwa toupre kay la pou anpeche pousyè rantre nan andedan kay la.
- Asire w ke pitit ou pa mastike anyen ki kouvri ak penti nan bouch li.
- Sonje ke kèk remèd fèy, tankou Azarcon ak Greta, ka genyen anpil plon.
- Piga fè, sere, oswa fè manje nan kristal ki genyen plon.
- Trete tout penti ki ap dekale tankou li te genyen plon ladan l. Piga retire penti ansyen avèk yon metòd sèk tankou sable—sa pral kreye pousyè ki kontamine.
- Si w ekspeze a plon nan travay ou, pigas pote plon an nan kay la—chanje rad ou epi mete rad pwòp sou ou nan travay la anvan ou ale lakay ou epi lave rad travay la separeman.
- Bay pitit ou manje ak ti goute ki pou kenbe yo ansante. Sa ka limite kantite plon ki ka rantre nan kò pitit ou. Timoun ou yo dwe manje manje ki genyen anpil fè ak kalsyòm chak jou, tankou : vyann ki mèg, poul, ton, kodenn, pwa, sereyal, pòm detè ak po, lèt, fromaj, ak yaout.





**Depatman lasante Florid**  
**Pwogram siveyans anpwazonman nan lanfans**

*Yo pa dwe ekskli pèsonn moun, pou motif laj, koulè, envalidite, orijin nasyonal, ras, relijyon, oswa sèks, pou patisipe, anpeche yo jwenn benefis yo, oswa diskrimine kont yo nan nenpòt pwogram oswa aktivite ki ap resewwa oswa ki benefisye de èd finansye leta federal.*